

D+S

M

**Pin Sajès**

Jn 6,51-58

20<sup>e</sup> dimanche ordinaire B

Musique : 29-08-2009, Martyre de S. Jean Baptiste

Paroles : 30-08-2009, St Fiacre

**R. Jé tout moun sou ou,  
Yo tout ap espéré  
Ou ba yo manjé  
Lè moman-an vi-n rivé.**

Ps 145,15

- |                                                                                                 |                  |                                                                                                |                   |
|-------------------------------------------------------------------------------------------------|------------------|------------------------------------------------------------------------------------------------|-------------------|
| 1. Mouin sé Pin vivan<br>Ki sot nan sièl la ;<br>Si yon moun manjé-l,<br>L-ap viv pou tout tan. | Jn 6,51a         | 7. Jan Papa-m voyé-m,<br>Li m-viv gras a li,<br>Konsa sa-k manjé-m,<br>L-ap viv gras a mouin.  | Jn 6,57           |
| 2. Pin-an m-ap bay la,<br>Sé chè-m minm li yé ;<br>Yo bay li konsa<br>Pou nou gin lavi.         | Jn 6,51b         | 8. Min Pin-an k-désann<br>Sot anro nan sièl,<br>Li pa tankou sa<br>Zansèt yo manjé.            | Jn 6,58a          |
| 3. Si nou pa manjé<br>Chè Pitit Moun nan,<br>Si nou pa bouè san-l,<br>Nou pap gin lavi.         | Jn 6,53          | 9. Zansèt yo manjé<br>Épi yo mouri,<br>Sa-k manjé Pin sa-a<br>L-ap viv pou tout tan.           | Jn 6,58b          |
| 4. Moun ki manjé chè-m<br>Épi ki bouè san-m,<br>L-ap viv pou tout tan,<br>M-ap résisité-l.      | Jn 6,54          | 10. Sajès la bati<br>Kay pou-l invité<br>Épi li tayé<br>Sèt kolòn li yo.                       | Pr 9,1            |
| 5. Chè mouin réyèlman<br>Sé li-k vré manjé,<br>Épi San mouin-an<br>Sé li-k vré bouason.         | Jn 6,55          | 11. Li touyé bèt li,<br>Li paré divin-l,<br>Li drésé tab li,<br>Li invité moun.                | Pr 9,2-3          |
| 6. Moun ki manjé Chè-m<br>Épi ki bouè San-m.<br>Li rété nan mouin,<br>Mouin rété nan li.        | Jn 6,56 ; 15,4-5 | 12. Vi-n manjé pin-m nan,<br>Bouè nan divin-m nan,<br>Sa-m préparé-a.<br>Gouté, ouè jan-m bon. | Pr 9,5<br>Ps 34,9 |